



# Si Pitit ou Bezwen yon ti kout Men

## Rele FDLRS Child Find



### Child Find kab ede ti pitit ou ak . . .

**Egzamen Depistaj** Child Find fè egzamen depistaj pou komunikasyon, Devlopman, vizyon, tandè ak abilite pou al lekòl. Konza, ya kab detekte pwoblèm yo pi bonè epi devlope yon plan.

**Èd** Child Find ede plase timoun ki gen bezwen espesyal nan pwogram edikasyon eksepsyonèl apwopriye.

**Enfòmasyon** Child Find bay enfòmasyon sou tout pwogram disponib yo nan kominote a pou timoun ki gen bezwen espesyal.

Si w ta gen kesyon byen espesifik sou koze pitit ou, tanpri rele Child Find pou pale ak yon nan Espesyalis Child Find yo. Yo pap JANM TOUCHE W SENK KÒB pou sèvis nou bay yo.



**FDLRS/Alpha**

Call 561-434-7337

[www.palmbeachschools.org/ese/fdlrscf.asp](http://www.palmbeachschools.org/ese/fdlrscf.asp)

Serving Palm Beach County



**Child Find bay enfòmasyon ansanm ak Egzamen  
Depistaj Gratis pou timoun (ki fèk fèt jiska 5 an daj)  
ki gen difikilte ak:**

- Aprann
- Wè
- Pale
- Mache
- Jwe
- Tande

**Devlopman Pitit ou**

Nou make anba la a yon seri de siy devlopman ki koresponn a laj ki site yo. Se yon seri de direktiv sèlman yo ye—chak timoun devlope yon fason diferan.

**Nesans a 6 Mwa**

- Chache kote bri a lèt
- Ri, Rele, gazouye ak moun
- Kenbe dwèt ou
- Eseye pran jwèl oswa ti tcha-tcha

**De 6 Mwa a 1 An**

- Trennen
- Chita poukont li
- gazouye pandan lontan
- fè ti jwet men
- Rekonèt manman li (oswa moun ki okipèl)

**De 1 An a 18 Mwa yo**

- Lonje dwèt sou omwen 2 pati nan kòl lè yo mandel
- Site 2 ou plis objè
- Reyaji a rantrè sòti paran liyo
- Koumanse ap manje poukòl
- Mache san èd

**De 18 Mwa a 2 Lane**

- Bwè nan gode san èd
- Kab bali bilding 3 oswa 4 blok
- Site non 5 ou plis objè
- Kab suiv enstriksyon senp

**De 2 a 3 An**

- Fè ti fraz ak kèk mo
- Itilize kiyè ak fouchèt pou manje
- Kab kenbe epi fè mak ak kreyon oswa kreyon koulè
- Kab monte eskalye gliswa
- Kab idantifye kontantman, chagren, kòlè ak lapè

**De 3 a 4 An**

- Kab pedale bisiklèt a twa wou oswa bisiklèt “Gwo Wou” yo
- Konn al nan twalèt poukòl
- Konn konte jiska 5
- Jwe nan ti gwoup (kon pataje, tann tou pal)
- Poze kesyon kenkou “kisa”, “ki kote,” ak “poukisa”
- Sal di fasil a konprann

**De 4 a 5 An**

- kab voye ak atrape boul
- kab rakonte istwa ki nan liv ak foto depi komansman jiska la fen
- Kab kopye fòm senp (wondèl, kare, ak triyang)
- Fè fraz konpiè nan konvèsasyon
- Eseye ekri kek let ak non li

